# ХАЛЫҚ ДӨРЕТИЎШИЛИГИНДЕГИ АҚЫЛ-ТӘРБИЯСЫ АРҚАЛЫ ЖАСЛАРДА МИЛЛИЙ ИДЕЯНЫ ҚӘЛИПЛЕСТИРИЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ

**А.Т.Тилегенов –** *педагогика илимлериниң кандидаты, профессор*

*Т.Н.Қары-Ниязий атындағы Өзбекстан педагогикалық илим-изертлеў институты Қарақалпақстан филиалы*

**Таянч сўзлар:** ақл тарбияси, халқ оғзаки ижоди, ёшлар, миллий ғоя, шакллантириш, халқ педагогикаси, тажриба, меҳнат қилиш, эволюцион жараён,оилада халқ педагогикаси, моддий ва маънавий бойликлар.

**Ключевые слова:** интеллектуальное воспитание, народное устное творчество, молодежь, национальная идея, становление, народная педагогика, опыт, труд, эволюционный процесс, народная педагогика в семье, материальные и духовные блага.

**Key words:** intellectual education, folk oral creativity, youth, national idea, formation, folk pedagogy, experience, labor, evolutionary process, folk pedagogy in the family, material and spiritual benefits.

Ақыл-тәрбия халық педагогикасы менен илимий педагогиканың ең жетекши тараўының бири болып, халықтың руўхый мәденияты менен социал жәмийеттиң, миллеттиң руўхый раўажланыўы менен қәлиплесиўиниң тийкарғы өлшем тасы есапланады. Адамзаттың тәбияттан, тәжирийбеден алған ақылый байлықлары, сезимлери, руўхый жағдайлары, ойлап билиўшилик ҳәм искерлик еркинлигин раўажландырыў нәтийжесинде өз бетинше ойлап, алдына мақсет қоя билиўи ҳәм гөзлеген нийетлерине ерисиў жолында қәбилетин қәлиплестириўден ибарат.

Адамзаттың ийелеген бәрше материаллық ҳәм руўхый байлықлары тек ақылға байланыслы екенлигин өмир деп аталыўшы уллы заттың өзи көрсетип отыр. Соның ушында ата-бабаларымыздың ақыл-ойынан пайда болған бәрше бийбаҳа байлықлар адам ақылына миннетдар екенлиги туўралы халықтың даналық сөзлеринде көп тәкирарланады.

Әййемги жәмийетте адамлар өзлериниң ең әпиўайы мийнет процесинде аш болмаў, материаллық баршылықта жасаў ҳәмме бирдей мийнет етиў мийнет саўғаларынан теңдей татысыў, сеники-меники болмаў ушын ашкөз нәпсиқаўларға қарсы гүрес алып барыў адамлардың әдетине айналды. Зорларға күши жетпеген жерде сақый, жәннетий, жомарт инсанлардан, иләҳий күшлерден, қудайдан жалынып, мәдет сорап, жолына қудайы айтыўлар әдет түсине кирген.

Адамзат есин билген дәўирлерден баслап-ақ өзлериниң күтә әпиўайы күн көрис процесинде көп ғана зәрүрликлерин қанаатландырыў ушын гүрес алып барды. Ер адамлар ул балаларын өзлери менен дүзге алып жүрип аң аўлаў, балық аўлаў, қурал-сайман жасаў ислерине үйретип барған болса, қызлар аналары менен бирге үй руўзыгершилик ислерин үйренген. Шаңарақтан басланған бул тәрбия халықтың бала тәрбиялаўдағы шынжырма-шынжыр киятырған тәжирийбесинен нәр алып отырған. Дәўирлердиң раўажланыў процесинде адамларда жер силкиниў, өрт апаты, суў тасқынлары, суўдың тартылып кетиўлери, жаўын, қыраў, буршақ, қар басқынлары, қумның көшиўлери айдың, күнниң тутылыўларына байланыслы, олардың алдын алыў ушын қудайларға садақа бериў, жүйрик атларды, сулыў қыз-жигитлерди қурбанлық етип, қан шығарыў дәслепки жәмийеттиң кең тарқалған дәстүри болды. Оның суў қайтса жағаға апарып мал шалыў, аўырған ҳаялларды оттан атлатыў сыяқлы ырымлары елеге шекем сақланып келеди.

Адамлар өзлигин аңлап, дүнья танып, мал мүлк жыйнап, үңгирлерден шығып ылашықларда жасаў, шаңарақ қурыўға әдетлениў инсанның дәслепки ақылый жеңиси есапланған. Оттың ойлап табылыўы арқалы аўқатты писирип жеўге өтиўи, мал-мүлктиң есабын алыў зәрүрлигиниң пайда болыўына байланыслы есап санақтың келип шығыўы, кеселликлердиң көбейип кетиўине байланыслы емлеўши тәўиплердиң пайда болыўы ҳәм жәмийет басқарыўы усылларына тән билим ҳәм даналықларға талаплар күшейип барады. Тәрбияның пайда болыўында баслы факторлардан эволюциялық процесс пенен қатар жәмийетлик ҳәм өндирис тәжирийбелери ийелеп келди. Тиришилик қуралларын ислеўге, қолдан жасаўға қаратылған көнликпе уқып ҳәм әдетлерди жас әўладқа үйретиўден басланған ҳәрекетлер «устаз» деген уллы заттың зәрүрлигин пайда етти. Устазлар турмыстан, тәжирийбеден түйинген затларын жетилистирип, уқып, көнликпелерин жас әўладларға үйретип барған.

Ақыл менен илим ағартыўшылық ийеленеди, кәсип пайда болады, дүнья сырларын ийелейди. Ақыл жүрек ишиндеги нур менен дурыслық ҳәм надурыслықты билип алынады, ақыл өзиниң қатарларын досларын дүнья бәлелеринен қутқарады. Ақыл жанның өмири, жан дениниң өмири, дене болса мүшениң өмири. [8:74]. Ата-бабаларымыз әсирлерден бери бала тәрбиясындағы тәжирийбелеринде терең түсинген ҳәм тәрбия мәселесиндеги хызметлерин де соған қарай әмел қылған.

Балаларда сан түсиниги келип шыққаннан кейин заттың санын, шамасын, салмағын, көлемин билиў, сол заттың материаллық мазмунын билиў менен тығыз байланыста қәлиплескен. Бул дәўирде балалардың бармақлары тарийхый әҳмийетке ийе болып «он» санының келип шығыўында үлкен ашылыўды пайда еткен. Он санының пайда болыўы өз дәўиринде космосқа ушыўдан кем жаңалық болмады, буны дүнья халықлары елеге шекем тарийхый ашылыў сыпатында тән алады. Балалардың санларды умытпай санаўында бармақларға бас бармақ, балан үйрек, ортан терек, шүлдир шүмек, кишкене ғана бөбек деп ат қойыўлары зерикпей қызығып санаўға көргизбели қурал болып хызмет етти.

Бул зәрүрликлер нәтийжеде мийнетти бөлистириў мәселесин келтирип шығарып, оны үйрениўге, оқыўға, жазыўға болған талап пайда болды. Адамлардың пикирлерди өз-ара түсинисиўи дәслеп сүўрет салыўдан басланды. Сүўретлерди қара тасларға, мраморларға салып, хат тәризинде оқып, пикир алысқан болса, соң жазыўдың пайда болыўына байланыслы қағаз шығаман дегенше хатларды сол тасларға жазып, аяқ жеткен жерге шекем тасларды арқалап жүрип адамларды оқытқан, сонынан ҳәрип пенен оқыў жазыў усыллары пайда болып раўажлана баслады.

Тәбият, инсан, ақыл-интизам, руўхый ағартыўшылық булардың барлығы бир-бири менен беккем байланыста киятырған белгили процесс болып, педагогикалық билимлер белгили тарийхый дәўирлерди сәўлелендиргенде аўызеки халық педагогикасы пәниниң пайда болғанына ҳәм раўажланғанлығына тийкарланады. Халық тәрбиясы оның рәң-бәрең бай мийрасы ғана ақыл ойдың ғәзийнесин байытыўда тийкарғы қурал болатуғынын тәжирийбеде анықлап берген. Кем-кемнен адамлардың мийнет хызмети раўажланыўы менен олар шақапларға бөлинип балаларда түрли кәсиплерди ийелеўге болған қызығыўшылық жеделлесип барды. Балалар үлкенлердиң өнерин үйрениў менен бирге оларды әмелде қолланыўдың усылларынан сабақ алды.

Жәмийеттиң раўажланыўы менен тәлим-тәрбияда жетилисип, ағартыўшылық процесиниң нызамлықларын пайда етти. Усыған байланыслы билим, көнликпе бериў усыллары келип шыға баслады. Адамзаттың инсан сыпатында қәлиплесиўиндеги узақ процесс адамның ең әҳмийетли пазыйлетлери -

зийреклик, ҳуқықый камалға жетиў, мийнетке шын берилгенлик, еркинлик, жоқары руўхый сана, кәсиплик уқыплылық әдетлерине ериседи. Адамлардың ақылый зийреклиги тәбият ҳәм өмирде пайда болған түрли ўақыя ҳәм ҳәдийселерди бақлаў, оның мәнисине түсиниў, себеп ҳәм ақыбетлерин пәмлеў, оннан өзинше жуўмақ шығарыў, қәбилетлерин, пәм–парасат, зийреклигин раўажландырыўға қызықтырыў ўазыйпалары тәлим-тәрбияны өзлерине кәсип етип алған устазларда пайда ете баслады.

Дәўир өткен сайын балалардың билим алыў, өз-бетинше ой жүгиртиў, беккем ақылға ийе болыў, денелик ҳәм саламатлық жақтан жетилисиў, Ўатан қорғаў, үзликсиз шынығыўлар ислеў, билим тәрбия алыўға болған мақсетлеринде қәлиплесип, жеке адамның социал сыпатлары анықланып барды. Балаға ақыл, тәрбия беретуғын биринши устаз ата-ана. Ел қәдирине ылайық дана ата, кәйўаны, дилўар, билимдан ана жәмийет ҳәм халық, елдиң ҳәм ийман ушын жарамлы перзентлерди жеткерип берди.

Адам ақыллы ҳәм әдепли болса, өмирде мақсетине жеткен ең бахытлы инсан деп аталыўы мүмкин. Адамларды жүректен бир-бирине байланыстыратуғын ақыл, әдепти руўхый мәкан мәнисинде көриў мүмкин. Олар бир-бирине араласып, шатасып жүретуғын болғанлықтан, гейде оларды ажыратыў да қыйын болып қалады. Адамзаттың оғада бийбаҳа интеллектуал байлығына баланың қолы жеткен жағдайда ғана толық мәнидеги ақыл тәрбиясы әмелге асырылыўы мүмкин.

Жасларға қарата «Алым болыў аңсат, адам болыў қыйын», «Атаның баласы болма, адамның баласы бол», деп адамның пикирлеўи қанша терең, ойы кең болса, соншелли кишипейил, балаға меҳрин төгиўши болады. Ақыл үстине әдеп қосылса жеңбейтуғын жаўы, алмайтуғын даўы болмайды. Инсанның бундай пазийлетлерге ийе болыўы ушын ҳәр бир шахс шақмақтай шағылып, жай тасындай жайнап, өртенип жүрип ислеўи, үйрениўи керек делинген халық нақылында. Ҳақыйқатында инсанның айырылмас досты, пири устазы - оның ақылы, усы досты арқалы, жақсыны-жаманнан, досты-душпаннан айырады.

Адамзатты ҳайўанлардан ажыратып туратуғын туўма ақылы, бул тәбийий ақыл болып, ол қарама қарсылықлар нәтийжесинде жетилип барады. Ал, екинши түри болса, инсанның тәбийий ақылды тәжирийбеде қайрап, өткирлестирип ҳәм раўажландырған искерлиги - бул өнер, кәсип есапланады.

Инсан тәбият жарсық еткен ақылды өмирден тапқан тәжирийбелеринде сынап көриў, турмыста қолланыў, мудамы билим менен жетилистириў арқалы меңгерип барады.

Баланың ақылының раўажланыўындағы биринши хызмети сөз. Баланың иңғалаўдан басланған биринши сөзи «мәмме-сүт» болса, апа, аға, ажаға, ажапаларының атларын бузып айтып шақырыўлары олардың кең дүньяның есигин ашыўға болған қуштарлығының жемиси болады.

Сөз ақыл ҳәм билимниң дөретпеси, ол адамды нураний етиўши қурал. Тил адамды иззет, ҳүрметке бөлейди. Адам оның менен бахытлы да болады, орынсыз кеткен сөз ушын жазаланыўда мүмкин.

Уллы шайырымыз Юсип Хас Ҳажиб ҳәр бир исте ақыл ойласық пенен пикир жүритиўге, өзгелерге ғамхорлық ҳәм мийирбан болыўға үйретеди дейди.

Баланың оннан соңғы дүнья түсиниги саналы мийнет етиўлери ойыннан басланады. Бала ойынларының ҳәр биринде халық массасының болып атырған тәлимлик ойлары жыйналған. Бесикте жатқан бала жорғаға мингендей болып тербеледи, әткөншекке минген бала қуслардай пәл-пәллеп пәрўаз етеди, еңбеклеп жүриўден баслап адақ арбаға асылып, жүрип кетиўге талпынады. Тусаўы кесилип жүрип кеткеннен кейин асық, шүллик, қашарман топ, шуй тасламақ, жүгириў, секириў, ат шабыў, жүзиў, қуўыршақ ойыны, ылайдан үш пелек т.б керекли затларын соғыў ҳәм ойынына, услап тутқан буйымларына айландырыўға қызықсынған. Мийнет ақыл тәрбиясының таяныш дереги, мәлим болғанындай ақылды мийнеттен ажыратыўға болмайды. Инсанның ақыл-мийнети олардың адамзатқа, тәбиятқа, социал өмирге болған ҳүрмет-иззетинде, жәмийет ҳәм тәбиятта пайда болған қубылыслардың сырларын бақлаўда айдынласады. «Мийнет өмирдиң шырағы», «Адам мийнети менен гөззал», дейди халық даналығында.

Қарақалпақ халқы әййем заманлардан бери перзентлерин өмирге өз бетинше пикир жүритиўши, келешекке беккем исениўши етип тәрбиялаўға айрықша дыққат қойып келеди. Жасаў ушын, өмирден өзиниң керегин алыў ушын удайы үзликсиз пидайы мийнет етиў кереклигин, оны жеңиллетиў ҳәм тезлетиў ушын мийнет қуралларын ислеп шығарыўдың зәрүр екенлигин түсинеди. Мийнеттиң мазмунын усы мәниде пәмлеў әййемги жәмийетте-ақ қәлиплесе баслаған түсиник болды. Заманлардың өтиўи менен социал-сиясий турмыста өзгерислер пайда болыўы ақылый мийнет тәрбиясы менен дене мийнет тәрбиясы руўхый ағартыўшылық жағынан бир қанша өзгешеликлерге ийе болды. Нәтийжеде мийнет ҳәм мийнет тәрбиясында мүнәсибетлер өзгерди.

Ақылый мийнет ойлаў, дүньяны билиў, билимлерди өзлестириў, сол тийкарда өзиниң көз-қарасын қәлиплестириўден ибарат болды. Инсан мийнетиниң тийкарғы өзгешеликлериниң бири оның ойлаўы, дөретиўшиликке қуштарлығы ҳәм үзликсиз шуғылланыўы есапланады. Инсан буйым ҳәм қуралларды жаратқандағы мақсети өзиниң материаллық ҳәм руўхый ықтыяжын қандырыўды ойлап ғана қалмай дөреткен затларының гөззаллығы басқалардың дыққат-итибарын өзине қаратып, оларында ҳәўесин келтирип, материаллық ҳәм мәдений ықтыяжын қандырыў ҳаққында ойлаў талап етилген.

Ақылый гөззаллық тәбиятта, мийнетте, инсаныйлық мүнәсебетлерде айқын көринип, ол инсанның руўхый өмириниң мазмунын қурайды. Инсан гөззалықтан илҳамланып ғана қоймай ақылый мийнет арқалы өзиде гөззаллық жаратады. Илим дөретеди, қосық жазады, сүўрет салады, нағыслы буйымлар жаратады, саз шертип, қосықлар айтады. Инсанның тәбияттан бул артықмашылықларға ийе болыўы гөззаллық жаратыў ушын әлбетте кемлик қылады. Оның ушын көп оқыўы тәбият сырларын терең ҳәм нәзик сезиўи, тәжирийбе топлаўы, узақ жыллар шыдамлы мийнет етиўди, мийтиндей еркли болыў талап етиледи. Жасларда бул сыяқлы қәсийетлердиң жетилисип барыўында ата-ана, устазлар ҳәм социал жағдай ертеден баслап-ақ ғамхорлық етип келген. Мийнет процесинде балалардың гөззаллық ҳаққындағы түсиниклери нийети ҳәм қарсыларын раўажландырыў тәрбиялық истиң ең әҳмийетли тәреплеринен есапланады. «Инсан мийнети менен гөззал» ол мийнетсиз илгери бара алмайды, мийнет етпесе ҳәтте тәжирийбеде арттырған табысларында сақлап қала алмайды. Егер жас әўлад айырым себеплерге байланыслы мийнет етиўин тоқтатса, өмирден көңли суўып ҳеш нәрсеге жарақсыз шытайы, ынжық, сөлекет бала болып өсе бериўи мүмкин. Мийнеттиң ҳақыйқатында мийнетке айланыў ушын балалардың жүрегинде белгили мақсетке қаратылған гөззаллық жаратыў арқалы олардың мийнетти сүйиўге болған

сезим, туйғыларын раўажландырыў керeклигин ерте заманларда-ақ аңлаған.

Жасларға мийнет гөззаллығын танытыў арқалы мийнетте инсанның өсип-улғайыўын ақылый, руўхый ҳәм денелик жақтан жетилисиўин, оның гөззаллықты жаратыўдағы дөретиўшилик шадлығын салтанат етиў оларға илҳам бағыш етеди. Мийнет пенен дөрелетуғын ҳәмме нәрселердиң гөззаллығын балалардың сезимине жеткере алыў ақыл тәрбиясының әҳмийетли ўазыйпаларынан бири есапланады.

Балалар ушын ата-бабаларымыз ойыншықлардың бирнеше түрлерин қолдан соғып беретуғын болған. Олардан баланың дәслепки қәдеми адақ-арбаға, үйдиң шийине асылып тәй-тәй жүриўден басланып, ол баланың жақты жәҳәнге нәзер таслап гердейип турыўында «өмир» деген уллы затқа қуштарлығының үлкен ғамхоры ҳәм ойыншығы ҳәм досты болған. Мине усыннан баслап-ақ балаларда ата-аналардың ақылы менен жаратылған барлық баҳалы байлықларына қызығыўшылық, миннетдарлық пайда бола баслайды.

Қарақалпақ халқының ақыл-ойынан дөреген қара үйдиң дәскелерин, арба, гүнде соғыўшылық, сүўрет салыўшылық, кесте тигиўшилик, гилем, алаша, басқур тоқыўшылық, музыка әсбапларын соғыўшылықта руўхый мийраслардың сарқылмас булағы болып есапланады. Өз гезегинде балаларда бул дөретиўшилик мийнеттен шетте қалмайды. Үлкенлер балалардың бул жумыслар еле қолынан келмейди деп итибар бермесе де, қулыншақтайынан бул иске қызыққан зердели балалар аталарының, ағаларының жанынан шықпай, мәзи бақлаўшы болып ғане турмай, оларға адақ арба соғып бер қуўыршағыма көйлек тигип бер, ол мынандай болсын, анандай болсын, бул услаўыма қолайсыз, узын-қысқа болып кетипти, үш пелектиң даўысы шықпайды, соққан атың жүрмейди деп өзлериниң талғамын айтып, буйыртпа берип те отырған. Балалардың усы әдетине байланыслы «Күшлиниң алдында күшсиздиң ҳүкими зор» деген жумбақты жүзикке қас қойғандай етип дөреткен.

Соңын ала ойыншық соғыўдың тәсилин алған балалар кем-кемнен өзлери соғыўға қызығады. Айтарлықтай жақсы болмасада өзиниң дөретпесин иске асырыўға умтылады. Сонлықтан, олар өзлеринше конструктор, пишиўши, тигиўши, сулыўлығын сынаўшы-модельлер, дизайнер, художник, атқарыўшы, шайыр болып сол арқалы ақыл мийнетиниң комплекс түрлерин ойында қайнатып ҳақыйқый турмыстағы социал сезимлерин оята баслайды. Ақыллы адамлардың ортаға келиўинде ата-аналардың балаларына кишкентайынан баслап турмыстың ҳәр қандай машақатларына көнлигип, өнер-билимди тынымсыз үйрениўиниң арқасында ерисетуғынын, ҳәр қандай ақылдың түбинде дозақый мийнеттиң жатқанлығын балалардың зердесине әпиўайы ойын дөретпесинен баслап қуйып барғанлығы оның нәтийжеси болған халық педагогикасында анық көринеди. Елден ерек, тәбийий талантқа ийе болған зийрек балалардың келешегине үмит байлаған ата-аналардың ғамхорлығы менен шекленбей, устазлар мехрин берип, ҳәтте аймақтағы пүткил халық олардың тилегинде болып, үлкен өмирге атландырыўды өзлерине парыз деп билген.

Қарақалпақ халқы өзиниң ақыл мийнетиниң арқасында турмыстың ҳәр бир тараўында гөззаллық жаратқан. Әсиресе, турмыслық мәселеде үй дәскелерин соғыўда, тоқыўда, жибин ийирип, бояўын таўып бояп, уўық, керегелерин сырлап, нағыс ойып, темирден әскерий, оқ-жарақ, сарыжай, қылыш, найза, қанжар, саўыт, пазна, бел, кетпен, қазан-ошақ ҳәм толып атырған турмыслық буйымларды соғыўда балалықтан баслап дәўир қыз-жигитлериниң дөретиўшилик арзыў әрманларының хызметин, эстетикалық қыялларын жәмлеген.

Қызларды ақыл мийнетине үйретиўде, дәслеп гилем, кийиз, ғалыларға салынатуғын «мүйиз», «қошқар шақ» нағыслары көркемлилиги менен айбат шегип турған саўатлы бир көриўден-ақ адамның меҳиргиясын өзине жаўлап алады. Мүйиз салыў усылы атақлы оймашылардың нағыс репертурларында баслы орынды ийелеген. «Қошқар шақ» нағыслар Ийран, Хорасан ҳәм Хорезм шахлары бас кийимлеринде болып, ол жағадан төмениректе жайластырылған. Ханның шах деп айтылыўы ҳәм тулғаның (бейнениң) шахс деп жүритилўде усы шахтан келип шыққанлығында дәлийлеп турады. Булардан басқа нағыс ойыўдың ең ески дереклери дарақларға, сүйеклерге, терилерге, өсимликлердиң шақасы, жапырақлары, бүртиклери, гүл ғумшаларының сүўретин ойыуы ҳәм солардың реңлери менен гезеклестирип бояў кең қолланған усыл болған. Адамларды гөззаллыққа талпындыратуғын бул нағыслар, көркемлиликке қызығыўшы үйреншик жаслар устазларының дөгерегине топланып, олардан сабақларды, бояўларды, үлгилерди қалай қолланыўдың әдисин үйренип, «илме», «суў тартыў», «салма», «суў нағыс», «сырға», «ғарға туяқ», «терис қайыў», «жона тигис» сыяқлы нағыс салыў ҳәм ағашқа, қолаға, темирге, мысқа, зерге ойыўдың үлгилерин үйренген. Кишкене қызларға анасы мағлыўмат берип өрмек тоқыўға отырғызады. Ол өрмекте избе, дизбе, қур, белдеў, басқур, алаша тоқып үйретеди. Қыста үйлерде, жазда шертекте, тереклердиң саясына 5-6 қыз жыйналып алып кесте тигиўди үйренеди. Билгишлери (шебери) үлгини дизесине қойып отырады, басқалары соған қарап үйренеди [1:52].Олар жаратқан гөззаллық руўхый әлемниң сыры болып тәлим мәдениятының ең әжайып мийрасларының қатарынан жай алады. Ул балаларға ақыл тәрбиясын бериўде затларға нағыс ойыў ислериниң олардың өзлестириўине аңсат болыўы ушын өзлерин қоршаған тәбияттан бөлекленип кетпей турмыста конкрет бар затларды дөретпелерине арқаў еткенлиги көринеди. Мәселен, ағашқа, қолаға, темирге, пақсаға ямаса керамикалық затларға ойылатуғын нағыслар өсимликлердиң, ҳайўанлардың мүшелерине, сүйеклерине, түр-түсине усатып нағыс салыўлар әдет түсине енген. Сондай-ақ, геометриялық нағыслар атанақ (крест), төрт мүйешлилик, алты, сегиз қырлы фигуралар қолланылып бәриде тәбиятта гезлесетуғын түр-түс бояўлар болып адамлардың өзлерине таныс затлар болғанлықтан олардың сырын айрықша изленип отырыўға орын қалмайды. Оларға устазлық еткен пидәйы шеберлер зейинли шәкиртлериниң уқыбын, характерин, минез-қулқын, ақыл ҳәм интеллектуаллық жағынан раўажланыў дәрежесин, қызығыўшылығын үйренип, соған қарай тапсырма берип, оның нәтийжелерин қадағалап отырған. Кем-кемнен тәжирийбеси артқан балалар «былай исле» деп көрсетпе бериўди күтип отырмай-ақ тынымсыз тәкирарлаўлардың нәтийжесинде соғылған затларға, шығарылған дөретпелерге ықласы артып, устазларының көрсетиўлерисиз-ақ өзлери ислеп кете беретуғыны аңланады. Тәжирийбеде билим шын инсанды дөретеди, «Тәжирийбе ақылдың анасы», дейди дана халқымыз. Ата-бабаларымыз, ақылың болса бир нәрсени үйрен, бирақ ақыл уқыпсыз болса, ол иске салынбаса, ийкемсиз денеге усайды, «Билимсиз инта болса суўлығын шайнаған атқа мегзейди», оны тынымсыз қайрап барылмаса ол өледи, делинген халық даналығында. Балада қаншелли талант болсада, устазлардан жол жоба алмаса кемшиликлериниң бола беретуғыны тәжирийбеде сыналған. Соның ушында

«устаз көрмеген шәкирт ҳәр муқамға бир дөнеди» деген нақыл жүзикке қас қондырылғандай орнын тапқан.

Социал турмыс эстетикасы сыяқлы халықтың ақыл ойыда бәлентлерден дерек берип турады. Оларда ўатанға мухаббат тәризинде мийнет адамның ақылый раўажланыўына қаншелли дыққат бөлгенлиги аңланады. Халық педагогикасында жас әўладтың қаншелли билим алып, илимди ийелеп, кәсипти меңгерген болса, ол халықтың байлығы, оның ийесин бәрқулла бахытқа ериcтиреди, деп көрсетиледи.

**Әдебиятлар**

1. Алламуратов А. Мәңги мийрас. -Н.: «Билим» 1993, 52-б.
2. Исломнинг истиқлол мафкураси. -Т.: «Ўзбекистон» 1993, 45-б.
3. Туркий Гулистан ёҳуд ахлоқ. -Т.: 1992.11-б.
4. Юсупов И. Күн шығыс жолаўшысына. –Нөкис: «Қарақалпақстан»,1955.
5. Ахлоқ адобга оид ҳадис намуналари. -Т.: «Фан». 103-б.
6. Геродот. История. -Л.: «Наука». 1972.
7. Антология педагогической мысли Азербайжанской ССР. - М.: «Педагогика» 1989. –С. 10-11.
8. Ғайбуллаев Н. ҳәм басқалар. –Т.: Педагогика. 2000. 74-б.

**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада халқ оғзаки ижодида ақлий тарбия орқали ёшларда миллий ғояни шакллантириш масалалари ўрганилган**.** Шунингдек, ақлий тарбия инсоннинг маънавий шаклланишидаги аҳамияти ҳақида сўз юритилган.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье исследуются вопросы формирования национальной идеи у молодежи посредством интеллектуального воспитания при помощи народного творчества. Обсуждается также значение умственного воспитания в духовном становлении человека.

**SUMMARY.** This article examines the issues of forming a national idea among young people through intellectual education through folk art. The importance of mental education in the spiritual development of a person is also discussed.

## BO‘LAJAK TARBIYA FANI O‘QITUVCHISINING DEONTOLOGIK TAYYORGARLIGI VA UNI RIVOJLANTIRISH OMILLARI

**A.A.Vaxobov –** *pedagogika fanlari bo‘yicha falsafa doktori*
*Nizomiy nomidagi Toshkent davlat pedagogika universiteti*

**Tayanch so‘zlar:** deontologiya, etika, insonparvarlik, burch, hurmat, mas’uliyat, ma’naviyat, dunyoqarash, munosabat, ijtimoiy, adekvat, jaholat, ma’rifat, adolat.

**Ключевые слова:** деонтология, этика, гуманность, долг, уважение, ответственность, духовность, мировоззрение, отношение, социальное, адекватное, невежество, просвещение, справедливость.

**Key words:** deontology, ethics, humanity, duty, respect, responsibility, spirituality, worldview, attitude, social, adequate, ignorance, enlightenment, justice.

Jahonda globallashuv jarayonlarining tezlashuvi, ijtimoiy-huquqiy ziddiyatlarning kuchayib borayotganligi bois ko‘p sonli yoshlarning ongi va dunyoqarashini o‘zgartirishga qaratilgan kurash avj olmoqda. Yoshlar ijtimoiy faolligining darajasi ertangi kun taraqqiyotini belgilab berishi munosabati bilan mazkur masala tobora global va dolzarb ahamiyat kasb etmoqda. BMT Bosh assambleyasi tomonidan yoshlarni ijtimoiy-huquqiy va siyosiy jihatdan faol fuqaro sifatida tarbiyalash masalasi ustuvor yo‘nalish sifatida e’tirof etilgan.

Yoshlarni ma’naviy-axloqiy jihatdan har tomonlama rivojlangan shaxs etib tarbiyalash, ularga ta’lim-tarbiya berish tizimini sifat jihatidan yangi bosqichga ko‘tarish, yosh avlodni tarbiyalash borasidagi ishlarni yanada takomillashtirish, ta’lim-tarbiya sifatini mazmun jihatidan takomillashtirish, o‘qituvchilik kasbining nufuzini oshirish bo‘yicha yuksak ma’naviyatli, qat’iy hayotiy pozitsiya, keng dunyoqarashga ega bo‘lgan fidoyi va vatanparvar yoshlarni tarbiyalash, pedagog xodimlarning qadr-qimmati va nufuzini oshirish, ularning moddiy-ma’naviy va ijtimoiy himoyasini kuchaytirish kabi ustuvor vazifalarning amalga oshirilishi ma’naviy va kasbiy jihatdan yetuk shaxslar tayyorlashni taqozo etadi. Bunday shaxslarning tayyorlanishida esa, oliy ta’lim tizimi yetakchi va hal qiluvchi o‘rinni egallaydi. Shavkat Mirziyoyev 2024-yil 1-fevral kuni 21 moddadan iborat “Pedagogning maqomi to‘g‘risida”gi qonunni imzoladi[1]. Hujjatda pedagogning huquqlari, sha’ni, qadr-qimmati va ishchanlik obro‘si davlat himoyasi ostida bo‘lishi qat’iy belgilab qo‘yildi. Mazkur qonunning qabul qilinishi jamiyatimizdagi barcha pedagog va muallimlarning huquqlari, majburiyatlari, faoliyatining asosiy kafolatlari, mehnatiga yarasha haq to‘lash, rag‘batlantirish va ijtimoiy himoya qilish tamoyillari aniq yoritib berildi va bu esa, ularning deontologik tayyorgarligi uchun ham qonuniy asos bo‘lib xizmat qilmoqda.

Uzluksiz ma’naviy tarbiya Konsepsiyasining III bobining 10-bandida umumiy o‘rta ta’lim muassasalarining I-XI sinflari uchun «Odobnoma», «Vatan tuyg‘usi», «Milliy istiqlol g‘oyasi va ma’naviyat asoslari», «Dinlar tarixi» fanlarini birlashtirgan holda “Tarbiya” fanini joriy qilish bilan bog‘liq tashkiliy, moliyaviy, ilmiy-metodik ishlar kompleksini amalga oshirish ko‘zda tutilgan[2]. Ummiy o‘rta ta’lim maktablari o‘quvchilarida ijtimoiy kompetensiyalarni shakllantirishda Tarbiya fanining ahamiyati katta hisoblanadi. O‘quvchilarni ijtimoiy kompetensiyalarini rivojlantirish strategiyasini samarali amalga oshirishga mas’ul ekanligi alohida ko‘rsatib o‘tilgan.

“Tarbiya” fanini o‘qitish orqali o‘quvchi-yoshlar ijtimoiy kompetensiyalarini rivojlantirishda natijaviylikni ta’minlash uchun ularning boshlang‘ich tushunchalari, ijtimoiy faolligining ahamiyati va zaruriyati haqidagi fikrlariga ilmiy yondashish; ta’lim-tarbiya jarayoni hamda tarbiyaviy munosabatlar jarayonlarida motivlarning o‘ziga xos xususiyatlarini inobatga olish; yoshlarda ilm olishga bo‘lgan ijobiy motivlarni shakllantirish; yoshlar ijtimoiy faolligini oshirish uchun zaruriy va qulay shart-sharoitlar yaratuvchi ijodiy muhitni vujudga keltirish; pedagogik jarayonlarning o‘zaro bog‘liqligi va aloqadorligini ta’minlash; ijtimoiy faolligini oshirish jarayonlariga innovasion tuzilishga ega bo‘lgan murakkab pedagogik tizim sifatida yondashish; pedagogik jarayonlarda yoshlarda o‘tmish va kelajak haqidagi boy tasavvurni shakllantiruvchi refleksiv yondashuvni joriy etish; pedagogik jarayonlarda shaxsga yo‘naltirilgan ta’sirning ahamiyatini va o‘ziga xos xususiyatlarini inobatga olish kabi shartlarning bajarilishini ta’minlash zarur.

Yuqoridagi vazifalar ijrosini ta’minlash maqsadida hozirgi kunda “Tarbiya” fanini o‘qitishda bo‘lajak tarbiya fani o‘qituvchisining deontologik tayyorligi va uni rivojlantirish omillari dolzarb masalalardan biri bo‘lmoqda. Avvalo, “Pedagogika” ta’lim yo‘nalishi malaka talabida tarbiya fani o‘qituvchisining pedagogik faoliyatni tashkil etishda bir qancha funksional vazifalar belgilanligi uning deontologik kompetensiyasini rivojlantirish uchun katta asos bo‘ladi. Aynan mazkur malaka talabda bo‘lajak tarbiya fani o‘qituvchisining deontologik kompetensiyasini rivojlantirish uchun